



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA K AP PÈMÈT GADYEN PAK YO ADMINISTRE ENJEKSYON EPINEFRIN (EPIPEN) POU TRETE REYAKSYON ALÈJIK

Lwa (S.4375/A.4652) otorize gad forestye, gadyen pak ak ajan polis pou pwoteksyon anviwònman yo posede ak administre epinefrin atravè yon aparèy oto-enjektè

Yo siyen lwa a pandan pak nan Eta New York yo bat rekò vizit pou ane 2020 an

Jodiya, Gouvènè Andrew M. Cuomo siyen lwa (S.4375/A.4652) k ap otorize gad forestye, gadyen pak ak ajan polis pou pwoteksyon anviwònman yo pou yo posede ak administre EpiPen yo. Anjeneral, yo itilize epinefrin pou trete reyaksyon alèjik ki grav tankou piki myèl, piki ensèk, alèji alimantè oswa chòk ke egzèsis lakoz.

Men deklarasyon Gouvènè Cuomo te fè: "Plis Nouyòkè ke dabitid ap pwofite de bote natirèl eta nou an ofri a, men li enpòtan pou w rete ansekirite, espesyalman si w gen tandans fè reyaksyon alèjik ki grav. Lwa sanse sa a pèmèt divès pwofesyonèl nan pak ak nan lòt espas natirèl ki nan eta nou an itilize EpiPen ak kenbe Nouyòkè yo an tout sekirite nan lanati a. Sa bay randonè yo, siklis ak lòt vwayajè anplennè yo yon pi bon sans sekirite pandan y ap pwomennen nan zòn natirèl pèzib New York yo."

Anafilaksi, ki se yon reyaksyon alèjik ki ka mòtèl, manifeste lakay apeprè yon ameriken sou 50. Plizyè pak ak forè nan Eta New York sitiye lwen etablisman medikal yo, e lwa sa a pèmèt pwofesyonèl ki nan pak ak forè nan eta a, ki lwen de etablisman medikal yo lepli souvan, pou yo administre EpiPen yo bay moun ki gen reyaksyon alèjik yo.

Senatè Jim Tedisco te deklare: "Wikenn fèt Jou Endepandans lan ak sezon ete a prèske rive sou nou nan moman sa la a e apre izolman tèt chaje Nouyòkè yo te viv pandan pandemi sa a, yo gen yon anvi ki san parèy pou yo soti epi vizite teren kanping ak pak ki nan eta nou an pou yo rekreye yo. Randonè, kanpè, najè, chasè ak piknikè yo soti anfòs. Malerezman, bèt pral mòde yo e y ap gen reyaksyon alèjik. Se rezon sa a ki fè nou bezwen pou gadyen pak, gad forestye ak ajan polis pou pwoteksyon anviwònman yo anmezi pou yo gen EpiPen k ap sove lavi pou ede fè fas ak reyaksyon alèjik ki grav. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo dèske li siyen nouvo lwa sanse, bi-pati sa a, ke mwen te fyè pou m pwomouvwa, ki pral garanti ke 700 gadyen pak, gad forestye ak ajan polis pou pwoteksyon anviwònman ki devwe yo nan New York, gen kapasite, si yo chwazi fè sa, pou yo gen EpiPen sou yo pandan y ap fè patwouy konsa nou ka sove lavi moun."

Men deklarasyon Manm Asanble a, Angelo Santabarbara te fè: "Ete a rive sou nou e se yon bon okazyon pou nou pwofite de tout sa bèl pak ak sit ki nan eta nou an gen pou ofri nou. Byenke gran espas anplennè yo se yon sous eksplorasyon ak avanti ki enfini, li enpòtan pou nou rete ansekirite. Yon reyaksyon alèjik inatandi ak manje, ak piki myèl e ak piki ensèk ka manifeste e moun ki nan santye anplennè yo ka bezwen pou yon entèvansyon fèt pou sove lavi yo. Lè nou asire nou ke pwofesyonèl anviwònmantal nou yo otorize pou yo genyen ak itilize EpiPen yo, sa pral sove lavi."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)